

**АДÆМИ ÆМХУЗÆНТТÆЙ ИСФÆЛДЕСУН КУ ГЪУДАЙДÆ, УÆД ÆЙ ХУЦАУ ДÆР ЗУДТАЙДÆ!..**

***Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), номдзуд ахургонд: «Еу æма дууæ хатти нæ дзурдтон: национализмæн патриотизми хæццæ еумæйагæй неци ес. Махæй алке ихæс дæр æй патриот ун. Патриот ун æй алли адæми ихæс дæр, еци адæми карнæбæл ку цæуа дзубанди, уæд. Фал цийфæнди уавæрти дæр гъæуама националисттæ ма уонцæ...»***



Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№39 (864) 2022 анзи 15 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман



**КОЧЫСАТЫ Мухарбег,**
(1920-1944),
поэт

## ХЪАМА

Гъей, фыдæлты сау хъама,
Гъей, фыдæлты ныфс!
Цалдæр азы ауыгъдæй
Къулыл ды лæууыс.

О, зæгъ-ма, дæ хорзæхæй,
Зæгъ, кæцы ран, кæд,
Цал сонт риуыл акодтай
Хъарм тугæй ды фæд?

Цал хатты мæйдар æхсæв
Калдтай ды тæмæн?
Цал тудджыны барвыстай
Цардхъуагæй мæрдтæм?

Абон рæстæг аивта,
Аивта дæ дуг.
Бафидыдтой тудджынтæ,
Нал кæлы сæ туг.

Фæлæ, бауæнд, не сивта
Абон дæр нæ ныфс,
Фидæн тохы, карз тохы
Ды, мæ хур, хъæуыс.

Гъей, фыдæлты сау хъама!
Адджын дæ мæнæн.
Ды ныфс дæ, хъæбатыр ныфс,
Карз тохы лæгæн.

Знагæн ды цæстысындз дæ,
Ме 'рттиваг хæзна!
Ехх, цæй тынг дæ бауарзтон
Дæу, мæ сау хъама!

Айдæнау æрттив, мæ ныфс,
Хуры рухсмæ хъаз,
Знаг куыд риза 'мризæджы
Хус сыфтæрау раст.

Æз дæуæй зæрдæрухс дæн,
Дæн дæуæй ныфсхаст.
Макуы æруадз худинаг
Ды мæ сæрмæ 'васт.

Гъей, фыдæлты сау хъама,
Адджын дæ мæнæн.
Ды ныфс дæ, хъæбатыр ныфс,
Карз тохы лæгæн.

*1941 азы, 3 май*

* * *

Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Кочисати Григорийи фурт Мухарбег Цæгат Иристони педагогон институт каст фæуунбæл адтæй. Фал æ ахур ниууадзгæй, рандæй фронтмæ. Сурх Æфсади афицер уогæй, тох кодта 3-аг Украинаг фронти рæнгъити, хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Стъалуй орденæй, майдан «Æхсари туххæй»-æй. Бæгъатæрæй фæммард æй 1944 анзи 17 апърели, украинаг сахар Ямполь немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй уæгъдæ кæнгæй.



КУЧИТИ Батрази конд хузæ «Фæдздзурд».

Нæ Райгурæн бæсти сæребарæ æма хуæдбарæ багъæуай кæнун гъæуй, зæгъгæ, фæдздзурд ку райгъусидæ, уæд нæ фидтæлтæ еци разæнгардæй, æмвæндæ-æмзундæй, уой сæрбæлтау тохмæ ратагъд кæниуонцæ. Абони дæр нæ дзилли багъудæй тугъдон хъазауатæй бахъиамæт кæнун. Æма æрæги нæ бæсти Президент **Владимир Путин** хумæтæги нæ рауагъта Указ хайон фæдздзурди туххæй. Уой домæнтæмæ гæсгæ Гæрзефтонг Тухти рæнгъитæмæ цæунцæ Иристони минæвæрттæ дæр. Указмæ гæсгæ нисангонд мадзæлттæ нæ республики куд æнхæстгонд цæунцæ, уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.

**ИРОНХ НЕКЕ ÆЙ, ИРОНХ НЕЦИ ÆЙ...**



## Æ ЦАРД – ÆНОСТÆМÆ ФÆНЗУЙНАГ

***Сахар Воронежи æрæги игонгонд æрцудæй циртдзæвæн-бюст æдзард бæгъатæр тугъдон Дзотти Алæги фурт Лазæрæн.***

Дзотти Лазæри цадвæндаг æма æностæмæ æнæферонхгæнгæ тугъдон æскъуæлхтдзийнади туххæй берæ аллихузон æрмæгутæ финст æрцудæй. Уонæй еу – зундгонд ахургонд æма журналист Мæхæмæтти Ахурбеги документалон уацау «Адæм, уæ фурт уæмæ дзоруй...» Æма 'й уотæ райдайуй:

«... Гъæуи бæрæгастæу скъолай райдзаст азгъунст. Фиццаг хатт си адтæй, дæс къласи каст ка фæцæй, уони æмбурд. Изæрæй хорнигулæнти фæсте скъолай урух тургъæ байдзаг æй фæсевæдæй. Æрцудæнцæ дзурддзæугæ хестæртæ, ахургæнгутæ, колхозонтæ...

Фиццаг арфи дзурдтæ дæсæймагкъласонтæн ракодта директор. Уой фæсте дзурдтонцæ райони ахуради хайади сæргълæууæг, гъæусовети сæрдар, колхозонтæй кадæртæ... Уой фæсте ба директор, ахурдзаутæн сæхе бафарста:

– Фæсевæд, еске уи ести зæгъдзæнæй?

8

## НОМЕРÆН



ДЗАНАЙТИ Азанбеги конд хузæ.

**ХЕТÆГКАТЫ Къоста**

## МÆГУЫРЫ ЗАРÆГ

Адæмæн сæ рæсугъд уæттæ
Хъармæй, райдзастæй лæууынц,
Махæн та нæ сывæллæттæ
Уазал лæгæты кæуынц…

Адæмæн сæ чындзхонты хъазт
Хæхтæ, къæдзæхтæ хæссы,
Махæн та нæ гæдыйы уаст
Мардыл кæуæгау хъуысы…

Адæмæн сæ цæхджын фыдтæ
Царæй фæныкмæ тæдзынц,
Махмæ та хæлынбыттыртæ
Цары ахстæттæ кæнынц…

Адæмæн сæ фæззæджы куыст
Не ссы афæдзмæ куырой,
Махæн та нæ афæдзы мызд –
'Гасæй иу хоры кæфой!..

* * *

*Хетæгкати Къостай райгурдбæл 15 октябри æнхæст кæнуй æртæ æма астинсæй анзи (1859-1906). Уой фæдбæл æрмæгутæ мухур кæнæн 4-5-аг фæрстæбæл.*



## ХУÆРЗЗÆРДÆЙ ЛÆГГАДÆ КОДТА ФИДИБÆСТÆН

Игъустгонд революцион архайæг, публицист æма ахургонд Ардасенти Губий фурт Алихани райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй дæс æма астинсæй анзи (1852-1916). Уогæ бæрæгуæттæй кæцидæрти ба, райгурдæй 1849 анзи, зæгъгæ, амунд цæуй. Цидæр æй, уæддæр сæйрагдæр е æй, æма ин цæйбæрцæбæл агъазиау хуарздзийнæдтæ исаразун бантæстæй нæ Фидибæсти сæрбæлтау – уой дæр айдагъ Иристони нæ, фал ма идард Сибири дæр (уордæмæ æрвист æрцудæй æ революцион архайди туххæй), уæдта Фæскавкази дæр (уоми, Сибирæй исæздæхгæй, берæ рæстæгути уоййасæбæл æнтæстгинæй фæккуста, æма 'й нерæнгæ дæр ма арфиагæй имисунцæ, кадæ ин кæнунцæ). Мах дæр ин абони æ рохс ном имисæн, нæ газети 6-аг фарсбæл æ цардвæндаг æма æхсæнадоннаукон архайди туххæй ци æрмæг мухур кæнæн, уомæй.

# Бестолковщины не должно быть!...



**В организации частичной мобилизации, объявленной в России, «достаточно бестолковщины», но это хорошая возможность исправить проблемы, которые копились на протяжении длительного времени, – заявил президент РФ Владимир ПУТИН.**

*«Здесь, к сожалению, бестолковщины у нас достаточно, собственно говоря, как и, к сожалению, еще раз повторяю, часто бывает и по другим направлениям. Но если бы не начали этим заниматься так, как сейчас это делаем, никогда бы и не увидели тех проблем, которые там накапливались и, видимо, накапливались достаточно долго»*, – сказал Путин в понедельник на встрече с избранными главами регионов, которая проходит в режиме видео-конференц-связи.

Путин поручил избранным губернаторам постоянно контролировать соблюдение законодательства при проведении частичной мобилизации.

*«Прошу вас держать под постоянным контролем вопросы соблюдения законодательства при проведении частичной мобилизации, а также оказания необходимой помощи, поддержки семей мобилизованных»*, – сказал он.

*«Все принятые здесь решения, включая социальные гарантии, выплаты, дополнительную поддержку из региональных бюджетов семьям солдат, сержантов и офицеров, которые несут службу, пополняют сейчас ряды вооруженных сил России, должны неукоснительно выполняться»*, – подчеркнул президент.

Путин также поручил губернаторам вместе с Минобороны проанализировать ход частичной мобилизации и представить предложения о том, как по-современному должна быть организована эта работа в будущем.

*«Ко всем обращаюсь руководителям регионов: внимательно вместе с соответствующими подразделениями министерства обороны, с военкоматами все нужно проанализировать и сделать предложения, обновить базу и сделать предложения по поводу того, как по-современному должна быть организована эта работа в нашей стране в будущем»,* – сказал президент.

Он подчеркнул, что это касается всех составляющих военной организации. *«Все, что происходит, – это хороший повод и для того, чтобы принимать решения по дальнейшему развитию Вооруженных сил в целом. Все это, безусловно, будет учитываться при дальнейшем строительстве Вооруженных сил, при решении вопросов, связанных с повышением обороноспособности страны; и все, что связано с мобилизацией, это, конечно, одна из составляющих частей этой большой системной работы, которая касается и руководителей регионов РФ»,* – отметил он.



# НÆ ÆФСÆДДОНТÆ АЛЦÆМÆЙ ДÆР ЕФТОНГГОНД ÆНЦÆ!..

ЦÆГАТ Иристони Хецауадæ байархайдзæнæй, хайон фæдздзурдмæ гæсгæ Уæрæсей Гæрзефтонг рæнгъитæмæ ке ракодтонцæ, еци æфсæддонтæй æхе харзæй гъæугæ фæлуст æма гæрзтæ ка æлхæдта, уонæн компенсацитæ бафедунбæл. Уæхæн унаффæ хаст ке 'рцудæй, уой туххæй нæ республики Сæргълæууæг **Сергей МЕНЯЙЛО** радзурдта аппаратон æмбурди.

– Нæ фæсевæдæй беретæ сæхуæдтæ æлхæнунцæ уæледарæс æма къахидарæс, уæдта ма се 'фсæддон ихæстæ æнхæст кæнгæй сæ ка багъæудзæнæй, æндæр уæхæн дзаумæуттæ. Уой фæдбæл зæгъун гъæуй, æма син æнæмæнгæ гъæугæ ефтонгадæ паддзахадæ æнæгъæнæй дæр кæд дæттуй, уæддæр си еуæй-еуетæ архайунцæ сæхецæн, хуæрзвадуатгиндæр ка 'й, уæхæн гæрзтæ исамал кæнунбæл. Нæ республикæй ци батальонтæ æрвист цæунцæ, уони мах исефтонг кæнæн еугур гъæугæдæр дзаумæуттæй. Æфсади рæнгъитæмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, уонæн гъæуайкæнуйнади Министрадæ ке дæттуй, е еу гъуддаг æй. Сæхе харзæй ма æфсæддонтæ ци уæлæнхасæнтæ æлхæнунцæ, е ба æндæр дзубандий аккаг хабар æй. Æма син сæ еци хæрзти компенсаци федуни фарста бæлвурд кæнун æнæмæнгæ гъæуй.

Цæгат Иристони Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Æгъузарти Мурат** бæлвурдæй радзурдта нæ республики нури уавæрбæл. Куд баханхæ кодта, уотемæй фæдздзурди хæццæ баст мадзæлттæ арæзт цæунцæ бæлвурд фæткæмæ гæсгæ. Къуæрей дæргъи «Горячая линия», зæгъгæ, бастдзийнадæмæ хайон фæдздзурди фарстати фæдбæл æрбадзоргути бæрцæ иссæй 1557.

Республики цæргутæн арæзт цæуй консультативон агъаз дæр.

Сæрмагондæй каст æрцудæй уæрæсейаг-гурдзиаг арæнбæл уавæрмæ. Æгъузари-фурт куд фегъосун кодта, уотемæй евгъуд къуæрей дууердигæй дæр арæнбæл бахизтæй 17426 транспортон хузи æма 41 мин адæймаги. Еци нимæдзæ дууæ къуæрей размæ бæрæггæнæнти хæццæ рабаргæй берæ минкъийдæр æй. Нур Уæллаг Ларси пункти сæ кезумæ æнгъæлмæ кæсгæй лæуунцæ 1098 уæзласæн хуæдтолги.

Сергей Меняйло байхæс кодта, æфсадмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, уонæн сæ хæстæгутæн, регионалон разамунди Центри бундорбæл æфсæддон комиссарадти æма районти администрацити сæрмагонд коллцентртæ исаразун. Нæ республики Сæргълæууæг еума хатт байагурдта Цæгат Иристони хайон фæдздзурди мадзалмæ лæмбунæг æма бæрнондæр цæстæ дард куд цæуа, уæлдайдæр ба – æнæнгъæлæги ци рæдудтитæ уагъд æрцæуа, уони фæдбæл алли курдиадæ дæр лæмбунæгдæр равзарун æма исраст кæнунбæл архайун. Сергей Меняйло ма районти администрацити сæргълæугутæн карзæй бафæдзахста, цæмæй Нæуæг анзи æма иннæ бæрæгбæнттæ исаразуни размæ бундоронæй æркæсонцæ сæ бюджетти уавæрмæ æма уæлдай хæрзтæ ма 'руадзонцæ. Æ загъд адтæй:

– Уæлдай хæрзтæ фæккунæгдæр кæнун гъæуй. Ниууадзун гъæуй айдагъдæр социалон блок – сувæллæнттæ æма цубуркъох бийнонтæн лæвæрттæ ракæнун æма рæвдауæндæнтти Нæуæг анзи фæдбæл бæрæгбæнтти мадзæлттæ исаразун. Фал фæмминкъийдæр кæнæн, уомæй уæлдай ци мадзæлттæ ес æма уоййасæбæл гъæугæ ка нæй, уони.

Аппаратон æмбурди дзубанди цудæй, нæуæг коронавируси инфекцийæй сæйгити нимæдзæ минкъийдæргæнгæ ке цæуй, уобæл дæр. Уотæ, евгъуд къуæрей Kovid-19 фæссæйги цауи 31,8 процентти фæмминкъийдæр æнцæ, сæйгæдæнттæмæ бахауни цаутæ ба – 40,3 процентти. Уой туххæй фегъосун кодта Цæгат Иристони Роспотребнадзори управлений разамонæг **Тибилти Алан**. Уомæй уæлдай нæ республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради фæббæлвурддæр кодтонцæ, разæнгардæй арæзт ке цæунцæ диспансеризаций æма гриппи нихмæ прививкитæ кæнуни мадзæлттæ.

***Æрмæг цæттæгонд æрцудæй Цæгат Иристони Сæргълæууæги æма Хецауди пресс-служби игъосункæнуйнагмæ гæсгæ***

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Хетæгкати Къостай хуарз ка зудта, етæ куд имистонцæ, уотемæй Къоста хъæбæр тæтон адтæй. Еске си ести ку коридæ, уæд «нæ» зæгъун нæ зудта. Æма имæ æхца ку фæззиннидæ, уæд ин къохæй-къохмæ æфстæутти рандæуиуонцæ. Уотемæй ба æхемæ фулдæр хæттити цай цæмæй бацумдтайдæ, е дæр нæ уидæ. Еу уæхæн зин рæстæгути ин е 'мбæлттæй кадæр зунд амонуй:*

*– Дæлæ æфстау кæмæн равардтай, уонæй де 'хца байагорæ!*

*– Етæ, æвæдзи, мæнæй тухстдæр æнцæ, æндæра мин сæ сæхуæдтæ нæ раттиуонцæ? – балхий кодта Къоста.*

***

*Махбæл, нæ царди уавæртæ хуæздæргъæуагæ кæмæн æнцæ, еци дзиллæбæл дæр раст Къостай цау ку 'ркодта. Уой дæр нури хецауеуæггæнгути 'рдигæй. Паддзахадæ ни ихæсгин цæмæйти æй, уони нин, куд æй балæдæрдтан, уотемæй федунмæ æгириддæр нæ гъавуй. Зæгъæн, нæ хестæр адæм сæхе рæстзæрдæ хъиамæттæй ци пенситæ бакустонцæ, уонæй син цидæр нецитæ федунцæ, мадта си æ фурæгудзæгæй кæронмæ дæр ма ка косуй, уонæн ба сæ пенситæ цалдæр анзей дæргъи индексацигонд нæ цæунцæ. Кенæ нæ улупа – марамæлай бæрцæ дæр нæ 'нцæ. Гъуддæгутæ кæмæй аразгæ 'нцæ, етæ ба нин, паддзахадæмæ æхцатæ нæ фагæ кæнуй, зæгъгæ, еудадзуг рæуæнттæ кæнунцæ. Æма уæд сæхецæн дæр æма сæ цæуæтæн дæр хъалæй-хъалдæрæй цæрунæн, уæдта ма сауæнгæ сæ исуйнаг кæстæртæн рæбунтæ кæнунмæ ба уæлдайгунтæй кутемæйти фагæ кæнунцæ паддзахадон æхцатæ?..*



**Оноре МИРАБО (1749–1791), францусаг номдзуд политик: «Æз алкæддæр уотæ гъуди кодтон æма гъуди кæндзæнæн – æнæрастдзийнадæмæ кудфæндий цæстингас æй гадзирахатдзийнадæ æма цъамардзийнадæ...»**

Мадта нури доги дæр æнæрастдзийнадæ кæд æма цъамардзийнадæбæл нимад цæуй, кæд æма, æ нихмæ æгъатирæй тох кæнунæй комкоммæ ихæсгин ка 'й, етæ нин æ искунæг кæнунæй сæ еудадзуг сомитæ æма байвæрзунтæй не 'нцайунцæ, уæддæр, уæхуæдтæ 'й уæхе цардиуаги æгудзæг уавæртæй лæдæретæ, еци æнæрастдзийнадæ не 'хсæнади медæгæ минкъийдæр нæ, фал фулдæрæй-фулдæр кæнуй. Уой дæр – еци «зæрдæвæргути» æдзæсгон миути фудæй...



**Томас МОР (1478-1535), англисаг паддзахадон архайæг: «Фастихадзи незти нихмæ мадзæлттæ агоруни бæсти алцæй разæй дæр си æхе тиллеф кæндзæнæй...»**

Махмæ ба нæ нури цардарæзт уæхæн æй, æма уоййасæбæл берæ незтæй гъезæмарæ кæнæн. Уомæн æма æ рæстæги сæ устурзæрдæй нæхемæ æрбауагътан парахаттæй, æма ма нур сæ нихмæ «парахаттæй» тох кæнун бæргæ æвзарæн, фал нин уоййасæбæл неци æнтæсуй уонæй фæйййервæзунæн. Æвæдзи, ци мадзæлттæй пайда кæнæн, етæ фагæ нæ 'нцæ, кенæ ба æгириддæр нæ бæззунцæ...



**Омар ХАЙЯМ, рагонперсайнаг поэт: «Хуæрзеуæгæй фудимелæ куд не 'нтæсуй, уотæ фудимелæй дæр хуæрзеуагæ нæ рантæсдзæнæй. Уони æртасунæн нин адæймагон цæстингас æй лæвæрд...»**

Еци цæстингас хуæрзеуæг æма фудимелæ æртасунмæ куд арæхсуй, уотæ ма дзилли уодигъæдæ ку арæхсидæ хуæрзеуæги цитгиндзийнадæмæ гæсгæ сæ цардиуагæ аразунмæ æма фудимелæ ба кунæг кæнунмæ, уæд цæйбæрцæбæл зæрдæмæдзæугæдæр уиуонцæ нæ карни еугур хабæрттæ дæр. Фал...

**Уæрæсейаг-турккаг, уæрæсейаг-япойнаг æма Фиццаг дуйнеуон тугъдтити архайæг инæлар-майор Хоранти Дзанхоти фурт Созурухъой райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй фарастинсæй анзи (1842-1935).**

***Сергей КИРОВ (1886-1934), советон паддзахадон архайæг: «Æ номи хæццæ æнæфæххецæнгæнгæ баст æнцæ, Иристони дзиллитæмæ уæлтæмæнадæй, хуæздæрæй, рохсдæрæй æма рæсугъддæрæй цидæриддæр ес, етæ... Къоста – гений, исфæлдесæг, альтруист, талингæ æма æфхуæрд адæмти надамонæг стъалу...»***



КÆСОЙТИ Лаврентийи конд панной еу хай.

# «ÆНОСТÆМÆ КАДÆ – НÆ НОМДЗУД ПОЭТÆН!..»



**ГАРДАНТИ Михал**
(1855-1915)
финсæг

КЪОСТАЙ ном раги райгъустæй Иристонбæл, æнæгъæнæ Кавказбæл. Е адтæй адæмæн сæ бæгъатæр фурт, сæ зартæгæнæг, сæ бартæбæл тохгæнæг. Æма, поэт æ цард, æ дессаги поэтикон исфæлдистадæ æнæвгъауæй кæмæн равардта, еци æфхуæрд адæмтæ ’й алкæддæр æнæкæрон берæ уарзтонцæ, æ фарс адтæнцæ, æгъазмæ имæ æнгъæл кастæнцæ. Е син лæвардта æ агъази хай æма ин кодтонцæ устур кадæ.

Къостай фæууинунмæ, уой зундæй бафæрсунмæ, æ фæдбæл цæунмæ хъæбæрдæр бæлдтæнцæ ирон фæсевæди раззагдæртæ. Уонæбæл нæхе нимадтан мах дæр. Æма 1890-аг анзи, Æрæдони дини скъолай ахур кæнгæй, исфæндæ кодтон Къостай хæццæ базонгæ ун, фæллойнæгæнæг дзиллити ’хсæн сæребарæ æма рохсдзийнадæ тауни сæрбæлтау е ци надбæл лæудтæй, уобæл цæун.

Къоста еци рæстæги нимад адтæй паддзахи устурдæр знæгтæй еуебæл. Æ райгурæн Иристони ин цæруни барæ дæр нæ адтæй. Æрæдони дини скъолай разамонгутæ æма моллотæ дæр поэтмæ хуарз цæстæй нæ кастæнцæ. Етæ дæр, уæдта бунæттон буржуазон элементтæ дæр сæ гъос дардтонцæ студенттæй Къостай финститæ, кенæ ба æндæр революционерти киунугутæ ка кастæй, уонæмæ, æма сæ ку базониуонцæ, уæд сæ скъолайæй ратæриуонцæ.

### Æ ЗÆРДТАГОН ДЗУБАНДИЙÆЙ МÆ ФÆРРАЗÆНГАРД КОДТА...

Еу бæрæгбони рæстæги æз байархайдтон мæхе скъолайæй æртæ боней дæргъи ракорунбæл æма фестæгæй рараст дæн Æрæдонæй Дзæуæгигъæумæ. Е адтæй 1892 анзи, фиццаг октябри – раст не скъолай дини бæрæгбон ку адтæй, уæд.

Сахари бацудтæн поэт Цæголти Михали фурт Геуæргимæ. Е зудта Къостай фатер æма мин æй байамудта. Къоста уæд, æнгъæлдæн, Æрæдойнаг гъæунги цардæй (æви Тифлисаг гъæунги, дзæбæх æй нæбал гъуди кæнун). Бацудтæн æма дуар бахуастон. Рацудæй мæмæ фудхузгомау æ кари силгоймаг æма мин загъта:

– Къоста нуртæккæ ами нæй. Ами фæууй сæумæй фараст сахаттебæл, кенæ ба бонæй æртæ сахаттебæл.

Æз фæстæмæ рандæ дæн. Къостай фæууинунмæ бæлгæй, мæ зæрдæ агайдта фурциййæй. Рæстæг дæр ниддаргъ æй. Фæндадтæй мæ тагъддæр ку тахтайуонцæ минуттæ æма æртæ сахатти ку ралæудтайдæ.

Гъе утемæй 1892 анзи, дуккаг октябри, бони æртæ сахатти ку ралæудтæй, уæдта бахуастон Къостай фатери дуар. Уайтæкки дуар фегон æй, ракастæй мæмæ хуæрзконд, зæрдæмæдзæугæ, гургин лæхъуæн, еу-дæс æма инсæй анзи кæбæл цудайдæ, уæхæн. Салам мин равардта, уæдта мæ бафарста:

– Ка дæ гъæуй, æнсувæр?

Æз расурх дæн æма æфсæрмигæнгæй дзуапп равардтон:

– Бахатир кæнæ, мæн Къоста гъæуй... Фæууинон æй...

Лæг æ медбилти бахудтæй, дуæрттæ урухдæр байгон кодта. Æ къохæй мин райамудта уатмæ æма дууемæй дæр медæмæ бахизтан. Кæд мин æхе нæма байамудта, уæддæр æз базудтон, е Къоста ке адтæй, уой, æма мæ зæрдæ циййæй райдзаг æй. Æ еу къахæй еуминкъий къулух цудæй. Еу дуарбæл бахизтан хорнигулæнæрдæмæ тургъæмæ, уордигæй галеуæрдæмæ



**Бæрæгбон Нари. Къостай роли – Цæгат Иристони адæмон артист ХЪАРАТИ Алик.**

æндæр уатмæ бацудан. Е адтæй Къостай хузæгæнæн æрмадзæ.

Уати уайтæкки рауидтон нæуæг конд хузæ: æригон хуæнхаг биццеу, дорсæттæг. Е дзæбокæй сæттуй дортæ, фудхуз, фæлорс, æ дзаумау еуæй-еу рауæнти æскъудтæ.

Еци æнамонд мæгур сувæллони хузæмæ кæсгæй мæ зæрдæ бамæгур æй. Сæргубурæй имæ дзæвгара фæккастæн. Уоми ма адтæй цидæр изæдти хузтæ дæр. Къоста мин уонæмæ райамудта. Æркастæн сæмæ æма ин æфсæрмигæнгæй загътон:

– Уæхæн гъæздугцардгæнæг «изæдтæ» махмæ дæр берæ ес. Адæймаги зæрдæмæ уойбæрцæ нæ хезунцæ. Фал æз хъæбæр тæрегъæд кæнун уартæ еци мæгур биццеуæн.

Къоста бабæй мæ дзубандитæбæл æ медбилти бахудтæй æма иннæ уатмæ бахизтæй. Æз еуцæйбæрцæдæр рæстæг еунæгæй райзадтæн. Хузтæмæ кæсгæй гъудити ранигъулдтæн æма нæ балæдæрдтæн, Къоста фæстæмæ куд рацудæй, уой.

– Цæуæн медæмæ, иннæ уатмæ, – загъта е.

Æма бацудан, æ къæрæзгитæ хорнигулæнæрдæмæ кæмæн адтæнцæ, уæхæн ниллæг уатмæ. Къела мин æрæвардта.

– Исбадæ, – къеламæ мин райамудта, æхуæдæг ба, къæразги рази персайнаг горцъейæй æмбæрзт ка адтæй, уæхæн тъахтинбæл æрбадтæй...

– Гъе дин мæнæ æз, Къоста! – загъта е æма мæмæ цума ести хабармæ æнгъæлмæ кастæй, уæхæн каст æрбакодта.

Æз дæр имæ лæмбунæгдæр æркастæн: æмбесонди хуæрзконд лæхъуæн, – æ тæрних – бæрзонд, цæхæрцæстæ, æ бецъотæ дæр сау-сауид, æ закъæ дæр адтæй рæсугъд, цубур æлвид. Еузагъдæй, æцæг ирон лæг.

Æз уой размæ берæ хæттити фегъустон, зæгъгæ, дан, Къоста дæсни æй, ке хæццæ ин куд дзубандигæнгæ æй, уомæ. Æ лимæнти хæццæ фæлмæн æма игъæлдзæгæй фæдздзубанди кæнуй, ке нæ уарза, уой хæццæ ба æнæхатирæй.

Къела мин ку æрæвардта, уæд æз хъæбæрдæр нифсæрми дæн. Ходуйнаг мæмæ кастæй, кæстæр уогæй, е ’мрæнгъæ исбадун. Къоста мæ балæдæрдтæй æма мин нæуæгæй байамудта къеламæ:

– Æфсæрми ма кæнæ, исбадæ æма мин дæ хабæрттæ радзорæ.

– Æз Æрæдони дини скъолай кæсун, киристонгъæуккаг дæн, Гардантæй, – загътон æма бабæй нæуæгæй нигъгъос дæн, цума мæмæ дзоруйнаг æгириддæр нецибал адтæй, цума æз айдагъдæр Къостайæн æ фæууинунмæ æрбацудтæн, уотæ. Кæсунæй имæ нæбал æфсастæн.

Къостабæл адтæй хумæтæги дарæс – сау хæдонæ. Уæхæн хумæтæги дарæси ’й уой фæсте некæдбал фæууидтон. Е алкæддæр дардта цохъатæ, бухарходæ æма хуæдбунтæ, баслæхъ, хъæма ирон рони хæццæ – ефстагмæ ибæл уидæ нимæт дæр.

Мæ хæццæ куд фулдæр дзубанди кодта, уотæ ’й зæрдæ æхемæ хъæбæрдæр æлваста. Къостай хæццæ дзубанди кæнунæй, æвæдзи, некæд бафæлладайнæ.

– Къоста, – фæстагмæ исдзурдтон æз. – Еу минкъий басни ниффинстон: «Толдзæ ма æхсæрæ».

Æма имæ равардтон мæ къохфин. Къоста æй æхенимæри бакастæй, уæдта мæ бафарста:

– Зæгъай мин, дæ хуарзæнхæй, ци зæгъунмæ гъавтай аци басний?

– Еуæй-еу бонгинтæ, æлдæрттæ, сагинтæ æма æндæр уæхæнттæ сæхемæ толдзи хузæн федар кæсунцæ. Нецæмæ дарунцæ листæг æхсæрæ бæлæсти. Кавкази мингæйттæй ка ирæзуй æма берæ æхсæртæ кæбæл æрзайуй, уони. Гъома, фæллойнæгæнæг мæгур адæми.

– Раст, хъæбæр раст зæгъис, мæ лимæн, Михал, – мæ номæй мæмæ исдзурдта, æвæдзи æй æмдзæвги бунмæ бакастæй, – махæн дæ хæццæ нæ гъудитæ еу рауæнмæ цæунцæ. Æнæмæнгæ еу гъуддагæй гъигæдард ан. Гъæуама нæ тох бонгинти нихмæ уа æфхуæрд адæми царди сæрбæлтау...

Берæ фæлмæн дзубандитæ ма фæккодтан. Гъæуи, скъолай хабæрттæй мæ фæффарста Къоста. Уæдта имæ мæ финст ниууагътон, хуæрзбон ин загътон. Е ба мæнæн фæндараст. Утемæй ме ’скъоламæ фæстæмæ æрцудтæн. Уæдæй фæстæмæ æз зæрдиагæй архайдтон, Къостай хæццæ

*Николай ТИХОНОВ (1896-1979), советон финсæг: «Дзубанди дæр ибæл нæййес – Къоста адтæй æ рæстæги еугуремæй устурдæр, еугуремæй искурдиадæгиндæр, æ маддæлон литературæ райрæзун кæнунæн уотæ берæ ка исаразта, уотæ берæ хуæрзти ин ка бацудæй, еци адæймаг...»*



нæмæ ци бастдзийнадæ рауадæй, уой федардæр кæнунбæл...

Ци скъолай хабар кодтон, уой 1893-аг анзи, 20 июли, æз каст фæдтæн. Косун райдæдтон адæмон ахургæнæгæй. Еци рæстæги Къостайæн Иристони цæруни барæ нæ адтæй. Е рандæй е 'рвадæ Хетæгкати Андухъапармæ, Петербургмæ. Андухъапар уоми уæд дохтирæй куста. Къоста имæ еуцæйбæрцæдæр рæстæг рацардæй, уæдта дуумæй дæр исфæндæ кодтонцæ Иристонмæ иссæун.

Дзæуæгигъæумæ иссудтæн 1896 анзи. Уæд косун райдæдтон Терки облæсти скъолати инспекторæй. Базудтон, Къоста Андухъапари хæццæ Петербургæй сосæггай ке иссудæй, уой. Къоста Терки облæсти администрацийæй æхе римахста æма æрфусун кодта Иригъæуи, Колитæмæ.

Иристони хъазар поэт æ райгурæн бæстæмæ ке фæззиндтæй, уой Къостайæн æ хæстæгдæр æмбæлттæй æндæр неке зудта. Еци æмбæлттæй еу адтæй поэт Цæголти Геуæрги. Цæголи-фурт зæрдиагæй архайдта Къостайæн кадæ æма цитæ исаразунбæл, исбоц æй кæнунбæл. Æ фæндæмæ гæсгæ, Къостай куд æнгъезуй, уотæ исиуазæг кæнуни зæрдтæй, сахари сæрмæ Сапицскийи будки кувд искодтонцæ.

## КЪОСТАЙ ХÆЦЦÆ ФЕМБÆЛДТИТÆ НИН АГЪАЗГÆНÆГ АДТÆНЦÆ...

Июни æви июли адтæй, дзæбæх æй нæбал гъуди кæнун. Айдагъдæр ма мæ зæрдæбæл лæууй – сабат бон адтæй. Кæбæл æууæндтæн, уæхæн дууæ æмбали – Тотой-фурт æма Бердий-фурти мæ хæццæ райстон, фæйтон байхуæрстан æма иссудан нæ нисангонд бунатмæ. Берæ хуарз дзубандитæ фæккодтан. Нæ хузæ Къостай хæццæ еумæ исистан. Хузесæги муггаг адтæй Джанайтæй – Хетæгкатæй. Алкедæр фæндадтæй Къостамæ хæстæгдæр балæуун, уой хæццæ фулдæр радзубанди кæнун.

Рæсугъд къохи, кæдзос уæлдæфи, берæ деденгути астæу, гъæздуг фингæ æрæвардтонцæ. Финги хестæрæн равзурстан Къостайæн æхе. Æз разардтон, Къоста ци зар уарзта «Къудари зæронд лæг», зæгъгæ, уой. Мæнæй æй райста Къоста. Еугурæйдæр ин зæрдиагæй базариуонцæ.

Нæ еугуремæн дæр нæ каст Къостамæ адтæй. Е игъæлдзæг адтæй, æ цæститæй худтæй, циуавæрдæр нифси цæхæртæ си æрттивтонцæ.

Къоста фиццаг ракувта нæ фембæлд исаразæг, поэт Цæголти Геуæргий цæрæнбони туххæй.

– Хуарз æргъуди адтæй, æмбæлттæ, раст ку зæгъæн, уæд, Геуæргий æргъуди æма ин æ цæрæнбони туххæй баниуазæн...

– Хуарз, хъæбæр хуарз, Къоста! – загътонцæ æмбæлттæ æма ин æ седт кæронмæ рахъæртун кодтонцæ.

Уой фæсте берæ æндæр гагидæуттæ. Хуæрдæ æма ниуæзти игъæлдзæгдзийнади фингæ идарддæр æ куст кодта. Берæ си адтæй гъуддагбæл дзубандитæ. Дзубанди рацудæй хуæнхаг силгоймæгтæн ахурадæмæ над арæзуни туххæй дæр. Къоста амудта, зæгъгæ, гъæуама хуæнхаг силгоймаг нæлгоймаги хæццæ æмбарæ уа, биццеутæ æма кизгуттæ гъæуама æмхузон хай есонцæ ахурадæ æма рохсадæй.

Мах – ахургæнгутæ – еци гъуддаги Къостай фарс адтан.

Нæлгоймæгтæ æма силгоймæгтæ еумæ æмхузонæй ахур кæнонцæ, зæгъгæ, уой нихмæ ка лæудтæй, уæхæнттæ дæр си разиндтæй не 'хсæн. Уонæй адтæнцæ сахари хецау Байати Гаппо, уæдта сахари скъолати ахургæнæг Тибили-фурт. Æма сæ дууей туххæй дæр Къоста гъазгæ-æфхуæрæн дзубанди кодта: «Зундгин ахургæнæг æй Тибили-фурт. Уой нæ гъæуй ахургонд уосæ. Ахургонд уосæ коммæ нæ фæккæсуй...»

Байати Гаппой дæр æхсилкъæ кодта æ циргъ зæгъдтитæй: «Зундæй идзаг æй Байи-фурти сæр, е хумæтæги не 'ссæй Сахари сæр»...

Фал нин уæдмæ нæ гъæуайгæнгутæ фегъосун кодтонцæ:

– Терки рахес билæгæрæнттæ, Тарскийи хутори æрдæмæ, дан, пъæлицæ иссæунцæ. Æнæмæнгæ бабæй етæ кедæр агорунцæ.

Еци бæлахæй нæ нæхе æвæстеуатæй багъæуай кæнун гъудæй. Къостайæн æхе амундмæ гæсгæ æмбæлттæ уайтæкки еугæйттæй гъæди сæхе римæхсунмæ фæцæнцæ. Айдагъдæр Къоста, Андухъапар æма æз нæхе нæ бафæсвæд кодтан. Нæ бунатæй æмраст къахнадбæл сахармæ рараст ан пъæлицæйæгтæн сæ тæккæ комкоммæ.

Къостайæн æ плащ адтæй æ галеу цонгбæл, æ рахес къохи ба – зонт. Уомæй гъазгæ цудæй Къоста æма дзурдта:

– Де 'знагбæл дæ фæууæлахез ун ку фæндæуа, уæд имæ алкæддæр комкоммæ нифсгунæй, лæгæй-лæгмæ цо!..

Мах неке бахъор кодта. Фал гъæди нæ хæццæ ка адтæй, уонæй беретæ ахæст æрцудæнцæ. Ахæст æрцудæй поэт Цæголти Геуæрги дæр. Мæн ба мæ кустæй райеуварс кодтонцæ – политикон æгъдауæй мæбæл æууæнкæ ке нæбал адтæй, уомæ гæсгæ.


ДЗУКЪАТИ Николайи конд скульптурæ.

Къостай хæццæ еци фембæлд махæй беретæн фæййагъаз æй нæ идарддæри революцион кусти надбæл федардæр æма еузæрдиуондæрæй цæунæн.

Уæдæй фæстæмæ Къостай хæццæ берæ хæттити исæмбалдтæн. Нæ дзубандий сæр фулдæр уидæ ирон æвзагбæл газеттæ æма киунугутæ мухур кæнуни гъуддаг.

Къоста ахид цæуидæ Æрæдонмæ. Æ фусун адтæй ахургæнæг Хурумти Аврам.

– Саугинтæ мин дзæбæх æхца федунцæ изæдти хузтæ ку искæнун, уæд. Архайун æз дæр! Мадта ци киндæуа! – Еци дзубандитæ цалдæр хатти фегъустон æз Къостайæй.

Нæ бастдзийнадæ никкидæр исфедар æй газет «Цæгат Кавказ»-и редакций æмкосгутæ ку адтан, уæд. Еци рæстæг Къоста хъæбæр агъаз кодта бунæттон автортæн, редакцимæ ци æрмæг æрвистонцæ, уони исредакци кæнидæ æма сæ тагъддæр ниммухур кæнунбæл архайдта.

Ралæудтæй 1900 анз. Къостайæн ахæстдонæ æма зин цард æ хъаурæ басастонцæ. Нез ибæл уæлахез кæнун райдæдта.

## Æ ФÆЗЗИАНИ ФÆДБÆЛ ХЪОНЦ КОДТА НÆ ЕУГУР ДЗИЛЛÆ ДÆР...

Фæстаг хатт ма Къостай Æрæдони ку фæууидтон, уæд мæ æрæдойнаг æмбæлттæн дзурдтон, Къостайæн æ хъаурæ æхемæ нæбал æй, зæгъгæ. Етæ дæр загътонцæ:

– Раст æй, Къостамæ æ кæддæри хъауритæй берæ нæбал байзадæй. Ардæмæ дæр ма, æвæдзи, æ рагон уарзон Цæликкати Анни уинунмæ æрцæуй.

Аннæ еци рæстæги цардæй Æрæдони, æ хæстæг Абацитæмæ. Хурумти Аврамме фусун уогæй Къостайæн, æвæдзи, Анни фæууинунæн фадуат фæцæй. Фал ма ин уомæй дæр ци пайда адтæй? Исæнæхъаурæ 'й...

1906 анзи, апърели, махмæ Дзæуæгигъæуи ахæстдонæмæ æрбайгъустæй Къостай рамарди хабар. Мах нимад адтан политикон ахæститæбæл – 1905 анзи революцион змæлди активон архайгутæбæл. Уайтæккидæр камеритæбæл рахæлеу æй еци уæззау хабар. Æ цардæй рацох æй номдзуд финсæг, адæми сæрбæлдзорæг, нæ ахургæнæг, нæ хъазар æмбал Къоста. Ахæститæ сæ еугурдæр зæрдристæй хъонцгæнгæй исистадæнцæ:

– Рамардæй Къоста...

– Рахустæй нæ адæми надрохсгæнæг ирд æстъалу, нæ хор, – унгæг гъæлæсæй игъустæнцæ дзубандитæ.

Политикон ахæститæ байагурдтонцæ ахæстдони администрацийæй, цæмæй Къостай мæлæти туххæй панихидæ аразт æрцæуа. Æма син уæхæн барæ ку нæ лæвардтонцæ, уæд ниллæудтæнцæ, хуæруйнаг нæбал райсдзинан, зæгъгæ.

Политикон ахæстити фæдбæл рацудæнцæ æнæуой ахæститæ дæр, бунт исистонцæ. Ахæстдони медæггаг дуæрттæ басастонцæ, надзирательтæ кедæрти фæннадтонцæ æма ахæстдони тургъæмæ рампурстонцæ. Курдтонцæ, Къостай рамæлуни номбæл саугин куд исаргъудтайдæ, уотæ.

Ахæстдони администраций бон не 'ссæй ахæстити тох бауорамун æма дуккаг бон исаразтонцæ Къостай номбæл рохсаг зæгъуни аргъуд. Ахæститæй тургъи къохбакæнæн нæбал адтæй. Уæдмæ саугин Солнцев фæррраст æй ахæстдони минкъий дзиуарæмæ. Е аргъаун райдæдта Къостай туххæй: Хуцау, дзенетмæ ин над раттæ, зæгъгæ. Мах ба нæхердигонау æмхузонæй дзурдтан: «Æномæ цæрæд æ кадæ нæ номдзуд поэтæн!»

Аргъудæй фæстæмæ цæугæй ба низзардтан революцион зар «Интернационал».

Еци сахат махæн нæ зæрдити адтæй устур маст æма гъигæдзийнадæ Къостай фæззиани фæдбæл. Цæттæ адтан никки карздæрæй тох кæнунмæ.

Фал уайтæкки фæззиндтæнцæ нæуæг æфсæддонтæ ахæстдони администраци æма пъæлицæн агъаз кæнуни туххæй. Етæ гæрзефтонгæй æрзилдæнцæ нæ алливарс, нæуæгæй бабæй нæ бакодтонцæ талингæ ахæстдони унгæг къумтæмæ...

**БОТЪОТИ Акко**

***

*Дзилли номæй устур зæгъæг,*
*Уарзон фидæн – хъазар игурд,*
*Знаги нихмæ федар лæууæг*
*Нарон Къоста Хетæги –фурт.*

*И бонвæрнон æстъалуйау,*
*Ду ферттивтай Иристони.*
*Багъæуаги хъæбæр егъау*
*Кодтан дæуæй мах нæ соми.*

*Седзæрти зин дæ зæрдæбæл*
*Уæззау дорау ку бадидæ.*
*Багъæуаги æнæ æнгъæл*
*Боз ди уидæ «Хъубади» дæр.*

*Паддзах æма æ лæбугътæ*
*Сæ нивæнгъæ ди уидтонцæ,*
*Кахановтæ сегас тухтæ*
*Де 'фхуæрунбæл æвзурстонцæ…*

*Царди адæ дæ афони*
*Нæ фæууидтай дæ цæстæбæл.*
*Хуæрзидзулдæй нур абони*
*Цард ивулуй нæ бæстæбæл.*

*Дæ цирти дор мабал резæд:*
*Ду нæбал дæ ихæсгин.*
*Дæ цæстæ нур мабал хезæд:*
*Рохс Октябрь – намусгин.*

*1929 анз.*

**ГЕТЪОТИ Виктор**

### КЪОСТАЙ МАДÆН

*Æ номбæл цæмæннæ ес гъæунгæ?*
*Кенæ ин куд нæййес циртдзæвæн?*
*Мади ном æнцон фæууй зæгъунмæ,*
*Зиндæр æй кадæ скæнун уомæн…*

*Мах некети ку 'сесæн бæрзондмæ,*
*Куд нæ фæдтæ нимади ду уæд,*
*Мадæ – Майрæн ка 'ссæй Иристонæн,*
*Иристонæн ка 'рхаста изæд?*

*Кæд, миййаг, цалдæр æнцæ Къостатæ,*
*Еунæг е нин не 'скодта кæд ном?*
*Нæ дзилагæ тæккæ хуæздæр мадæ,*
*Мах дæ рази фæцан фуддзæсгон…*

**КЕРТАНТИ Тæхир**

***

*Адтæй дæ догæ сау, мæйдар,*
*Дæ цирт – зиндонæ 'ма æнкъард,*
*Уæддæр сæребарæбæл дæ зар*
*Гъæрæй ку райгъустæй идард!*

*Адтæй æлдар дæ рун, де 'знаг,*
*Косæг, мæур лæг – дæ хæлар.*
*Кæнгæй рæсугъд цардмæ фæндаг.*
*Адтæ мæгуртæн цирагъдар.*

*Уарзтай седзæрти дæ уодау,*
*Ристæй дæ зæрдæ сæ зинæй;*
*Уонæн с' амондбæл, тугъдонау,*
*Цудтæ карз тохмæ нифсгинæй.*

*Ирдтай алкæддæр фуд, æфхуæрд,*
*Уæддæр адтæ ду сæрбæрзонд:*
*«Рæхги фесæфдзæнæй зин цард,*
*Адæм райсдзæнæнцæ амонд», -*

*Адтæй дæ дзурд. Æма, æцæг,*
*Иссан абони нæ фæндон:*
*Æнцæ седзæртæ игъæлдзæг,*
*Иссæй Хъубади колхозон.*

*Къоста, абони дæр махæн*
*Цæрис нæ хæццæ æгасау…*
*Æз дæр м'адæмæн, мæ бæстæн*
*Ме 'хæс ку радтинæ дæуау!*

***БЕГИЗАТИ Чермен (1898-1937), финсæг, публицист: Зæнхæ æнæгъæнæй кæми адтæй, мæ хортæ, еци доги нæ фагæ кодта адæмæн æма ин тоги аргъ кодтонцæ. Гъог кæми æрхустайдæ, е цудæй гъоги аргъмæ, гал кæми æрхустайдæ е ба – тоги аргъмæ…»***



**Аци мемориалон фæйнæг АРДАСЕНТИ Алиханæн 1989 анзи æвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи Миллери гъæунги 29-аг хæдзари фарсбæл. Æ исаразæг – зундгонд скульптор ЦÆРИКЪАТИ Маирбег.**

# Æ ЦАРДИ НИВÆ Æ ЗÆНХОН ХЪИАМÆТТÆЙ ИСÆРТТИВТА...



**ДЗОБЛАТИ Мæхæмæт,**
(1926-2010)
гъæуунхæдзарадон наукити кандидат

Æ РÆСТÆГИ гъæуунхæдзарадон науки хъæбæр ка фескъуæлхтæй, еци устур ахургонд Ардасенти Губийи фурт Алихани (æ паспортмæ гæсгæ Алексей Гаврили фурт) ном, еу догæ иннæ догæй æййевуни хæлæмулти иронхгæнгæ цудæй, æма 'й абони беретæ бæлвурдæй нæ зонунцæ, ка адтæй æма наукон исфæлдистадæй ци хуæрзти бацудæй нæ адæмæн, нæ Фидибæстæн. Нæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма æ фæсте ци берæ наукон куститæ ниууагъта, уонæн айдагъ нуртæккæ нæййес устур ахедундзийнадæ, фал ма идарддæр дæр уодзæнæй.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Ардасенти Алихан айдагъ устур ахургонд нæ адтæй. Адтæй рохситауæг, æхсæнадон кустгæнæг, революцион архайæг.

Ардасенти Алихан райгурдæй хумæтæг зæнхкосæг Ардасенти Губийи хæдзари Терки облæсти Елхотти гъæуи. Æ сувæллони бæнттæ æрвиста хуæрзæгъдау, кустуарзон бийнонти 'хсæн. Елхотти гъæуи цæргутæн сæ зингæдæр хай хуæст адтæнцæ пусулмон динбæл. Уомæ гæсгæ ба ецирдигон сувæллæнттæн дæр сæ фулдæр ахур кодтонцæ пусулмон ахургæнæндони - медресей. Паддзахи унаффæмæ гæсгæ, куд иннæ гъæути, уотæ Елхотти сувæллæнтти еу хай ахур кодта дууанзон уруссаг скъолай. Алихан дæр ахур кодта еци скъолай.

Æ хестæр æнсувæр Пши куста бæрнон бунати Елхотти зилди. Алихан ахурбæл æновуд ке адтæй, уобæл цийнæ кодтонцæ бийнонтæ еугурæйдæр. Æма 1861 анзи, дууæ къласи каст ку фæцæй, уæд æй Дзæуæгигъæуи зилди хуæнхаг училищемæ равардтонцæ. Хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ 'й каст фæцæй 1867 анзи æма идарддæр ахур кæнуни зæрдтæй рандæй Мæскумæ. Уоми бацудæй гъæууонхæдзарадон скъоламæ, кæций каст фæцæй 1870 анзи хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. Нифсхаст æма разæнгард лæхъуæн уобæл нæ ниууагъта æ ахури гъуддæгутæ – еци анз æ ахур раидарддæр кодта Петербурги зæнхи кусти (гъæди) институти, каст æй фæцæй æма 1874 анзи, багъæуай кодта гъæууон хæдзаради æма гъæди кусти наукити кандидати диссертаци.

Мæскуй, уой фæсте ба Петербурги ку ахур кодта, уæди рæстæгути ци хуарздзийнæдтæй фæххайгин æй, уонæн сæ сæйрагдæртæй æма зæрдæбæл бадаруйнæгтæй е адтæй, æма имæ ке 'рхаудтæй Д.И. Менделееви, К.А. Тимирязеви, А.И. Энгельгардти, И.А. Стебути æма æндæр номдзуд, æнæгъæнæ дуйнетæбæл игъустгонд ахургæндти лекцитæмæ игъосуни амонд. Хуарз зонгæ адтæй Герман Гельригели, Юстус Либихи æма иннæ номдзуд ахургæндти кустити хæццæ дæр.

Куд рæстзæрдæ æригон адæймаг, уотæ Ардасени-фурт арази нæ адтæй, уæди рæстæгути Уæрæсей цардиуаги ци берæ æнæрастдзийнæдтæ цудæй æма фæллойнæгæнæг дзилли хъæбæр ка гъезæмарæ кодта, уони хæццæ. Æма уруссаг, украинаг, гурдзиаг æма æндæр адæмихæттити минæвæрттæй е 'мгъудигæнæг ка адтæй, уони хæццæ архайдта студентти сосæг æмбурдти, рохситауæн литературæ хъæртун кодта Дзæуæгигъæумæ дæр, ардæмæ ма исæрвиста сауæнгæ мухургæнæн станок дæр.

Революцион кусти ке архайдта, уой туххæй 1874 анзи Алихани æрахæстонцæ. Ахæстдони бадгæй ин фадуат фæцæй æма исахур кодта Карл Маркси «Капитал», Францийи революций истори французаг æвзагбæл, политикон экономий, философий, химий, математики, политикон тæрхони процессти туххæй æрмæгутæ.

Ахæстдони фæстаг бæнттæ Алихан æрвиста камери еунæгæй – уой дæр зундгонд Пугачеви гæнахи Бутырскийи ахæстдони.

Ардигæй æй 1879 анзи 5 майи рарвистонцæ Иркутски губерний Тункинскийи гъæумæ. Надбæл фæссæйгæй æма Бирюсински этапи бæргæ курдта, цæмæй æй уоми ниууадзонцæ, фал ин уæхæн барæ нæ равардтонцæ, æма уой фæдбæл ба хæлхъой исаразта... Ку исдзæбæх æй, уæд ин æ еци «фудзунддзийнадæ» æ зæрдæбæл æрлæуун кодтонцæ æма 'й фудæнæн рарвистонцæ Среднеколымскмæ – Уæрæсей уæди тæккæ идарддæр сæрисæфæн бунатмæ.

Ами дæр æ рæстæг дзæгъæли нæ исафта – наукон æсгарунадæбæл фæццалх угæй, халсарти кусти сосæгдзийнæдтæй уæди уæнгæ ка нæма адтæй æргомгонд, уони исбæрæг кæнун, бæлвурддæрæй ба – ци амалæй æнгъезуй еци зинвадуат уавæрти, æносон салд зæнхити дæр халсарти куст кæнун. Уæди уæнгæ си уæхæн куст нæ кодтонцæ.

Уогæ еци гъуддаг, гъома, цæмæй аллихузон халсартæ ами дæр ирæзонцæ æма тиллæг дæттонцæ, уой исаразуни фæдбæл архайæнти Ардасени-фурт кæд фиццаг нæ адтæй, уæддæр адтæй фиццæгтæй еу. Менделееви, Энгельгардти, Тимирязеви, Стебути æма иннæ æнæмæлгæ ахургæндти лекцитæмæ игъосгæй ци зонундзийнæдтæ райста, уонæй арæхстгинæй пайда кодта ами практикон æма наукон кустити. Исбæрæг кодта, ами ци берæ органикон бауæргъæдтæ исæнтæстæй, уонæй уазал уавæрти саумæрæ ке не 'взуруй, (рауайуй си торф) æма уомæ гæсгæ ба æ фæлварæнти сæйраг нисан адтæй, торфи сикъити халсарти культуритæ кутемæй зайун кæнун æнгъезуй, уой исбæрæг кæнун.

Гъе уотемæй æрвиста Алихан æ гъезæмæртти бæнттæ идард Сибири къумти. Цалинмæ ибæл нæ исæмбалдæй, исуæгъдæ дæ, зæгъгæ, цийни хабар, æма 1885 анзи райдайæни Алихан æрæздахтæй æ райгурæн гъæу Елхоттæмæ. Ами ин, æ зонундзийнæдтæй æнхæстæй пайда кæнуни фадуæттæ ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ рандæ 'й Тифлисмæ. Уоми фиццаг рæстæг уроктæ лæвардта хецæн бийнонти цæуæтæн сæ хæдзæртти æма ин етæ ци бафедиуонцæ, уомæй цардæй.

Фæстæдæр косун райдæдта ахургæнæгæй Тифлиси рæзикусти скъолай. Еци куст ин адтæй зингæ зæрдæмæдзæугæдæр. Æма уомæ гæсгæ ба еци разæнгардæй скъоладзаутæн уотид зонундзийнæдтæ нæ лæвардта, фал архайдта, цæмæй етæ рæстуодæй уарзонцæ сæ рæбуни æрдзæ, лæдæронцæ æй, зæнхæ адæймагæн æ дарæг ке 'й æма, æ хуарздзийнадæбæл ин æновудæй архайун ке гъæуй, е сæ зунди ниффедар уа. Хъæбæр разæнгардæй архайдта уæди рæстæгути ци гъæууонхæдзарадон равдиститæ арæзт цæуидæ, уонæмæ цæттæгæнæн кустити. Алихани ахурдзаутæй еу, æнæгъæнæ дуйнебæл игъустгонд Мцхети деденгутикустгæнæг М.А. Мамулашвили уотæ финста: «Мах нæ ахургæнæги базудтан уæхæн педагогæй, кæци айдагъ домгæ нæ кæнуй зонундзийнæдтæ ахурдзаутæй, фал уарзуй зæнхæ, зонуй ин æ сосæгдзийнæдтæ…»

Тифлиси уогæй Ардасенти Алихан ниммухур кодта къуар публицистикон уаци, кæцитими фауй, æхсæнадæн сæ æдзæсгон миутæй зæран ка хæссуй, уонæй ин æ уодварнон бундортæ ка ихалуй, уæхæнтти – зудæй хæлæфгæнгути, фæливдтити, давгути. Æ еци æрмæгутæ дзиллити 'хсæн æнæфæббæрæг угæ нæ фæцæнцæ. Зæгъæн, зингæ цаубæл нимад æрцудæй, æ уацтæй еуеми Тифлиси сæргълæууæги лæгъуз миутæ ке раргом кодта, е. Ардасени-фуртæн рæзикусти скъолай æ куст æ зæрдæмæ кæд цудæй, уæддæр си цидæр æнтъуснæгдзийнадæ ба лæдæрдтæй, цума ин си уолæфт нæ фагæ кодта, уой хузæн. Е ба уомæ гæсгæ уотæ адтæй, æма 'й лæдæрдтæй, ами ин æ зонундзийнæдтæ рапарахат кæнунæн фагæ уавæртæ æма гæнæнтæ нæййес. Уомæ гæсгæ ба 1889 анзи кæрони рандæ 'й Нигулæн Фæскавказмæ. Уоми уæдиккон губернатор В.А. Старосельский финста: «Ардасенти Алихан фондз анзей дæргъи кусти рæстæг æрзилдæй æнæгъæнæ Нигулæн Фæскавказбæл. Куд гъæдгæс, уотæ нæ, фал ма куд ахургонд-агроном, зилдæй гъæдти æма цъимарати, адтæй Сванетий, Редут-Калейи, Потий, минкъий ин нæ бантæстæй искæнун…»

Ардасенти Алихан, куд ахургонд, уотæ æ косæнуати еци бадæги нæ бадтæй. Уомæн æ косæн уат адтæй будур, æма ибæл æхе адæми хæццæ баста. Амудта син, мæрæ, еуæй-еуетæ куд гъуди кæнунцæ, уотæ мард ке нæй. Мæри айдагъ физикон æма химион процесстæ нæ цæунцæ, уоми цæунцæ хъæбæр берæ аллихузон процесстæ, кæцитæ ахедунцæ мæри органикон цардбæл. Алихан хæдзаргай зилдæй гъæутæбæл æма син амудта, куд хуæздæр зелун гъæуй дзæхæрадæнттæмæ, уой.

Ардигон æрдзи сосæгдзийнæдтæ хуæздæр базонуни фæндæй 1890 анзи Алихан исаразта экспедици Кутаиси сахарæй Сванетимæ æма æрæмбурд кодта зонадон æрмæг хуæнхбæсти æрдзигъæдæ æма мæри конди туххæй, сванти цардиуаги фæдбæл. Еци æрмæгути бундорбæл бацæттæ кодта æма ниммухур кодта æрмæг «Сванетия и Лечхум».

Мæскуй æма Петербурги зæнхикусти (гъæди) институти ци арф зонундзийнæдтæ райста, уонæй айдагъ æнхæстæй нæ пайда кодта, фал ма сæ гъæздугдæр кодта, æ аллибони архайди ци нæуæгдзийнæдтæ базонидæ, уонæй. Уой фæрци ин бантæстæй, кæми цардæй æма куста, уомити зæнхи кусти системæ хуæздæрæрдæмæ раййевуни фæдбæл берæ пайдайаг æййивддзийнæдтæ царди рауадзун.

– Мах хуæнхти бæрзæндти, – финсуй Алихан, – æвзуруй саумæрæ нæ, фал торф. Аст мин фути æма уомæй уæлдæри бæрзæндтæбæл органикон байзайæггæгтæ не 'мбуйунцæ, æма си уомæ гæсгæ саумæрæ зæнхитæ нæййес.

Алихан хонхи зæнхитæ «байурста» æртæ тæрхæги-тæлмæбæл. Фиццаг тæлмæмæ бахаста, сæнæфсерæ æма нартихуар кæми нæ зайунцæ, еци рауæнтæ. Еци тæлмæ нимайуй уæлхонхбæл, зин уавæрти си æнхæст кæнунцæ гъæуунхæдзарадон куститæ. Алихан куд нимайуй, уотемæй аци тæлми не 'нгъезуй таун люцернæ, эспарцет æма хуаргæрдæгутæй дæр берæ кæцидæрти.

– Уæлхонхи тæлми, – амудта Алихан, – фулдæр архайун гъæуй хезнитæ хуæздæр кæнунбæл, кæдзос сæ кæнун гъæуй дортæй, хæмпæл æма зианхæссæг кæрдæгутæй, гъæуай кæнун гъæуй къотæртæ æма бæлæстæ, цæмæй уарундæнттæ ма ихалонцæ зæнхи уæлдзарм.

Еци хезнитæй пайдагонд ку цæуа, уæд зæнхи уæлдзарм багъæуай кæнунæн аразун гъæуй сæрмагонд мадзæлттæ. Циуавæртæ æнцæ, уони туххæй дæр бæлвурд финсуй.

Дуккаг тæлмæ Алихан хонуй гъæдæмбæрзт хуæнхтæ (лесогорные). Аци тæлми таунцæ нартихуар, хъæбæрхуар, мæнæуæ, сауфагæ, тамаку, бæмпæг æма æндæр техникон культуритæ. Хуарз си зайунцæ сæнæфсерæ, кæрдту, фæткъутæ, чиуалитæ, балитæ, инжир, гагарæзæ æма æндæр аллихузи культуритæ. Ес си дарæн мудибиндзитæ.

Хумзæнхитæй пайда кæнунцæ аст-дæс анзей дæргъи, уæдта сæ ниууадзунцæ, цалинмæ сæ кеми не 'рцæуонцæ, уæдмæ си нæбал фæппайда кæнунцæ. Иннæ рауæнти зæнхитæ æртæ-цуппар анзей фæсте ниууадзунцæ дзæвгарæ рæстæг, уолæфунмæ. Аци райони куд исбæрæг кодта, уотемæй си люцернæ хъæбæр хуарз зайуй, фондз хатти æй никкæрдунцæ. Исбæрæг си кодта люцерни дууæ хузи – æрвхуз æма борхуз. Борхуз люцернæ æнгъезуй уæлхонх тæлми хезæнуæтти таун хæлæмулæй æндæр кæрдæгути хæццæ. Уой туххæй уотæ финсуй: «Под такими травами почва отдыхает и набирает новые силы, принося, в то же время, каждый год два раза больше выгоды, чем кукуруза с такого пространства».

Æртиккаг тæлмæмæ Алихан хæссуй Сау денгизи билгæрæнттæ. Аци тæлми хумзæнхити фулдæр туд фæууй нартихуар. Уолæфунæн ци зæнхи гæбæзтæ ниууадзунцæ, етæ уайтæккæ гъæди буни фæуунцæ, фулдæр фæруæ бæлæсти буни. Академик В.Р. Вильямс зонгæ ку адтайдæ Ардасенти Алихани «Возможность травосеяния в Кутаисской губернии», зæгъгæ, наукон кусти хæццæ, уæд, ка 'й зонуй, не 'руагътайдæ уæхæн гурумухъ рæдуд æма нæ ниффинстайдæ: «Гъæди бунат æрахæссунцæ кæрдæгутæ». Уогæ мæнæ махмæ ба – цалдæр анзи ци хумзæнхитæй нæ фæппайда кæнунцæ, етæ райдзаг унцæ къотæртæ æма бæлæстæй.

Куд устур ахургонд, уотæ Ардасенти Алихан лæууй игъустгонд академиктæ В.В. Докучаеви æма В.Р. Вильямси æмрæнгъæ, æма ин гъæуама аргъгонд дæр цæуа етæ гæсгæ.

***

*Ардасенти Алихан берæ æнзти дæргъи хъазауатонæй ке фæккуста Сомехи, е уоми дзиллæй иронх нæй, хъæбæр кадгин цæстиварди си æй. Ардигон адæм æй уарзонæй сæхердигонау худтонцæ «Торпах Генерал» («Зæнхи Инæлар»). Нæ номдзуд æмзæнхони ном ма уомæй дæр исæносон кодтонцæ, æма Сомехи паддзахадон аграрон университети (сахар Еревани) азгъунсти фарсбæл ин æвæрд æрцудæй номерæн мраморон фæйнæг.*

**Зундгонд диникустгæнæг, ирон æвзагбæл дини киунугутæ исаразæг æма рауадзæг Цорæти Афанасийи фурт Василийи райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй финддæс æма фарастинсæй анзи (1827-1884).**

***Нæ рагфидтæлтæй нин фиди туххæй берæ зундамонæг фæдзæхститæ байзадæй. Зæгъæн: «Фиди фарнæн е ‘вæрунæй æ хæссун зиндæр æй...», «Фиди фарнæбæл фарнæ ку не ’фтауай, уæд ходуйнаг кæнис...»***

# ДÆ ФИДÆН ЦИ ФÆУУАЙ, УОЙ ДИН ДÆР ДÆ ЦÆУÆТ ФÆУУОДЗÆНÆНЦÆ!..

*АЛЛИ АНЗ дæр нæмæ ноябри фæстаг хуцаубони (аци анз – 27 ноябри) Мади Бон бæрæггонд ке фæццæуй, е хуарз зундгонд æй. Фал ниййергути кадæн ма еума бæрæгбон ке ес, уой ба беретæ, æвæдзи, зонгæ дæр нæ кæнунцæ. Хуннуй – Фиди бон. Махмæ Уæрæсей аци бæрæгбон æригонбæл нимад æй – Указ æ бæрæг кæнуни туххæй нæ бæсти Президент бафинста 2021 анзи, бæрæггонд ба цæудзæнæй октябри æртиккаг хуцаубони.*

*Дуйней ба аци бæрæгбон нимад цæуй рагонбæл, берæ бæститити ‘й исбæрæг кæнунцæ сæрди мæйти. Æ райдайæн ба хауй 1909 анзмæ – уæд американ сахар Спокани (штат Вашингтон) цæрæг силгоймаг Сонора Луиза Смарт Додд сæ аргъауæни Мади Бони фæдбæл аргъуди рæстæг расагъæс кодта: уæхæн бæрæгбон ба цæмæннæ ес фидтæлти кадæн, зæгъгæ. Хумæтæги имæ не ‘рцудæй еци гъуди: Сонорий мадæ рамардæй æхсæзæймаг сабий ин ку райгурдæй, уæд, æма сувæллæнтти исгъомбæл кодта сæ фидæ, Уильям Джексон Смарт, адтæй син хъæбæр хуæрзауодæг фидæ. Бунæттон хецауадæ исарази ‘нцæ силгоймаги фæндæбæл, тагъд рæстæги ба еци хъæппæреси фарс фæцæнцæ æндæр сахарти дзиллитæ дæр, сауæнгæ Америки Еугонд Штатти уæди президент дæр. Кудфæстæдæр бæрæгбон иссæй еугурдуйнеуон. Нур ба ‘й бæрæг кæндзæнæнцæ Уæрæсей дæр.*

*Мах адæммæ дæр недзамантæй нури уæнгæ фидæн уæлдай кадæгонд цæуй. Уомæн æвдесæн – берæ адæмон таурæхътæ, аййевадон уадзимистæ, документалон уацтæ... Алке медес си еухузон нæ фæуүй – æма царди æцæгдзийнадæ дæр уæхæн фæйнæхузонæй нæ рабæрæг кæнуй фидтæлтæ æма цæуæти ‘хсæн рахастдзийнæдтæ: кæмидæр фæуунцæ хуæрзæгъдау, кæмидæр ба аллайаг...*



***Абони ци æрмæгутæ мухур кæнæн, уонæмæ, æвæдзи, гъудæй нæхе циуавæрдæр фæсдзурдтæ ма бафтаун, фал расагъæс кодтан, ка сæ бакæса, е сæ куд балæдæра, уомæ гæсгæ син æхе фæсдзурд исаразæд. Адæймаг цæбæл расагъæс кæна, уæхæнæй ба си, махмæ гæсгæ, берæ цидæртæ ес...***

## НÆ ИН НИХХАТИР КОДТОНЦÆ, Æ ФИДИ ЗÆРДИХУДТИ КЕ БАЦУДÆЙ, УОЙ ...

Мæнæ дæлдæр ци цауи туххæй бакæсдзинайтæ, уой рамухур кодтан Цæгат Иристони адæмон финсæг Даурати Дамири киунугутæй еуемæй. Куд финсуй, уотемæй æй игъосгæ ба фæккодта æ сабийдоги æмбалæй. Заманхъули мæрдæгъдауи фембалдæнцæ æма кæрæдзебæл бацийнæ кодтонцæ, уæдта ин æ еци æрдхуард æнæнгъæлæги уотæ ку зæгъидæ:

– Кæд дæ фæндуй, уæд дин еу æцæг хабар радзорон? Мæнæ еуварсмæ рацо...

Зæгъун, табуафси, игъосун дæмæ. Æма мин радзурдта:

– Еу дзæбæх синхаг зæронд лæг мин адтæй, Дадо. Е ‘фсийнæ раги рахецæн æй æ цардæй, æма сæ еунæг биццеу фиди евгед байзадæй, фал ин нæ фæррæстмæ ‘й. Сахармæ рафтудæй æма уоми æхе хузæнттæ иссирдта, гъæуи ин фидæ ес, нæййес, е си феронх æй. Ку æруайидæ, уæдта масти хуасæй уæлдай неци уидæ. Мæнæ рагуалдзæг Дадо, сæ дзæхæрай кæрони, раст æхе карæн ка адтæй, уæхæн акъаци бæласæ ракъуæрунбæл исхуæстæй. Бæласæ бæргæ ракъуæрдта, фал мæгур æ бон, æ буни фæцæй. Еци рæстæг биццеуи уордæмæ ци Хуцау æрбахаста, сайтан æ зонæг, фал ин агъаз кæнунмæ фæллæбурдта. Дадо æй ку фæууидта, уæд имæ фæрæт фæхъхъел кодта:

– Рандæ уо, кенæдта дин дæ къохи æнгулдзитæ ратæхун кæндзæнæн. Мæн дæу агъаз нæ гъæуй...

Биццеу æ фиди тингун цæстингасæй балæдæрдтæй, æцæгæй дæр имæ æвзедгæ кæнуй, уой. Раст зæгъгæй мæ æ тæрегъæд нæ гъæуй, фендæй уордигæй, кæд гъæунги еске райахæссинæ, зæгъгæ, фал цалинмæ синхæгти дуæрттæ хуайгæ цудæй, цалинмæ имæ еске ракастæй... Æгасæй æй нæбал æрбаййафтонцæ, æ фæрæт ма ин туххæй искъахтонцæ æ къохтæй...

Кири уæлгъос гъæубæсти номæй Боркæ дзурдта, зондзæнæ ‘й, мæнæ мах карæн. Æма е биццеуæн уоми уотæ бауайдзæф кодта:

– Дæ Хуцауи хатирæй мин зæгъай: уой размæ ин æ еунæг дзурдæн дæр аргъ ку некæд искодтай, уæд имæ нур цæмæ байгъустай? Ци хузи фехалдтай дæ фиди рази дæ ахур?..

Еуетæ загътонцæ, раст бакодта Боркæ, иннетæ загътонцæ – нæ бакодта. Куд дæмæ кæсуй?.. Дæхуæдæг ибæл, ка ‘й зонуй къохтæ æма къæхтæ дæр ма бафтаудзæнæ...

## ЗÆРОНД БАБА ÆМА Æ ФУРТИ ФУРТ

Баба хъæбæр æрзæронд æй. Æ къæхтæ æ буни нæбал цудæнцæ, æ цæстæй нæбал уидта, гъосæй нæбал игъуста, æ дæндæгутæ æгъзалдæнцæ. Æма хуæргæ – хуæргæй æ комидзаг æ гъæлæсæй æрхауидæ. Æ фурт æма ‘й æ киндзæ финги уæлгъос бадун нæбал уагътонцæ, пеци фæстемæ ин сехуар бахæссиуонцæ. Еуухæхæни ба ин къоси хуæруйнаг æрæвардтонцæ. Е имæ куддæр æнарæхст æвнæлд фæккодта, къос æ къохæй æрхаудтæй æма расастæй. Киндзæ зæронди гъæри буни фæккодта, нæ къостæ, нæ тæбæгътæ, дан, нин кезугай фæссастай. Нурæй фæстæмæ, дан, дин сехуар тæгæнай кæндзæнæн. Зæронд лæг арф ниууолæфтæй, фал дзоргæ неци искодта.

Еууæхæни лæг æма уосæ уати бадтæнцæ æма рауидтонцæ: сæ фурт зæнхæбæл цидæр фæйнæгути хæццæ архайуй. Уæд æй фидæ фæрсуй: «Мишæ, цитæ косис?» Фурт ин уотæ: «Тæгæна кæнун, тæгæна. Ду æма мæ мадæ ку базæронд уайтæ, уæд уин хуæруйнаг еци тæгæнай никкæндзæнæн».

Лæг æма уосæ кæрæдземæ бакастæнцæ æма никкудтæнцæ. Ходуйнаг сæмæ æркастæй, зæронд лæги ке ‘фхуардтонцæ, е. Уæдæй фæстæмæ ‘й финги уæлгъос æрбадун кæниуонцæ, уæдта имæ зилдæнцæ, куд гъæуй, уотæ.

## КА ÆЙ АККАГДÆР?

Цардæй æма адтæй еу ездон, зундгин æма гъæздуг паддзах. Æ уоси берæ уарзта, фал силгоймаг налат кæми нæ фæууй, æма ибæл æртæ хатти гадзирахаттæй рацудæй: æндæр нæлгоймæгтæй ин æртæ фурти райгурдæй. Фурттæ паддзахмæ лæгъуз цæстæй кастæнцæ, уæдта ездондзийнадæй æгириддæр нæ фæххайгин æнцæ. Фæстæдæр ма уосæн еу биццеу райгурдæй – аци хатт паддзахæн æхецæй.

Паддзах уæдмæ базæронд æй æма рамардæй. Æ мард ин байвардтонцæ зæппадзи. Биццеутæ буцæу кæнун райдæдтонцæ, паддзахи бунат гъæуама ка байахæсса, уой фæдбæл. Æма еу зæронд тугъдонмæ бацудæнцæ фæрсунмæ. Е син загъта:

– Паддзахи бауæри арфдæр ке фат ниххæсса, е гъæуама байахæсса бæрзонд бунат.

Хестæр биццеуи фат исæмбалдæй марди къохбæл. Дуккаг биццеуи фат ин ниппурхæ кодта æ усхъи стæг. Æртиккаги фат паддзахи зæрди иннердæмæ рахизтæй, æма биццеу æхенимæр зæгъта, паддзахадæ мæн бацæй, зæгъгæ. Цуппæрæймаг биццеу æ фиди марди рази æрлæудтæй, арф ниуулæфтæй æма мæтъæлæй загъта:

– Уæууæй, мæ фидæ, мæ бон ку нæ ‘й дæумæ тохæнгарз исесун.

Биццеу уотæ ку загъта, уæд æй адæм сæ гъæбеси исистонцæ æма ‘й æ фиди бæрзонд бадæни исæвардтонцæ – аци бунати дæуæй аккагдæр неке æй, зæгъгæ.

## ДÆ НИЙЙЕРГУТÆН ХУÆРЗАГАДÆ РАКÆНУНМÆ МА БАЙРÆГИ КÆНÆ...

Аци таурæхътæ кæд зæрдрохс нæ ‘нцæ, уæддæр сæ мухур кæнæн, цæмæй еума хатт баханхæ кæнæн æнæсеккаг æцæгдзийнадæ: фидæн аккаг аргъ ка нæ кæнуй, хуæрзрæвдудæй ин æ зæрдæ ка нæ барохс кæнуй, е ескæд æнæмæнгæ æрфæсмон кæндзæнæй, фал цийфæнди ку фæффæсмон кæна, уæддæр æ тæрегъæдтæй некæдбал исцох уодзæнæй. Уомæн дæр æрхæсдзинан æвдесæн.

... Рагон Рими еу нимади лæг Кимонæн цидæр фудракæнди туххæй истæрхон кодтонцæ, цæмæй тæрхони судæй рамардайдæ. Æ кизгæ Перой имæ бæргæ бауадзиуонцæ, фал æй æ фидæн ести хуæруйнаг бахæссуни барæ нæ адтæй... Æма кизгæ, æ фидæ фурæстонгæй, бонæй-бонмæ куд фудхуздæр кæнуй, уой уингæй, æ фуртухстæй нæбал нибхухстæй æма райдæдта... æ реуи æхсирæй хæссун – уой размæ ин сувæллон райгурдæй. Уæди рæстæги е – асадæймаги дзедзей æхсирæй хæссун æверхъаудзийнадæбæл нимад адæй. Æма уой исаразæг силгоймаги рамариуонцæ. Уæхæн тæрхон ке рахастайуонцæЕройæн, уой е куд нæ зудта, фал уæддæр æ цардæй сæйрагдæр ин æ фиди фæййервæзун кæнун адтæй...

Гъе уотемæй мæгуйраг лæг æхебæл фæхххуæстæй. Æма ахæстдони цæстдаругтæ ба дестæ кодтонцæ: уæдмæ ка рамардайдæ, еци лæг ма цардæгас кутемæй æй... Цидæр адтæй, уæддæр син бантæстæй сосæгдзийнадæ раргом кæнун. Æма... силгоймаги алæмæти æновуддзийнадæ басаста тæрхонгæнгути зæрдитæ æма рахастонцæ фиди дæр æма æ кизги дæр нæ бафхæруни унаффæ.

Аци цауи фæдбæл берæ номдзуд хузæгæнгутæ искодтонцæ зундгонд хузтæ. Уæлдай æргом имæ æздахта номдзуд нидерландаг хузæгæнæг Питер Пауль Рубенс (1577-1640) – дууæ хатти (1612 анзи, уæдта 1630 анзи) исфæлдиста аци цаубæл хузтæ. Дууæ хатти ба цæмæн, зæгъгæ, аци фарстайæн абони дæр ма бæлвурд дзуапп нæма ес. Фал, куд дзорунцæ, уотемæй Рубенс кæд берæ адæймæгути хузтæ искодта, уæддæр æ хеуæнттæй, æ ниййергутæй некæд неке хузæ искодта, зæрдихудт, дан, сæбæл адтæй, æ ниййергути ‘рдигæй неци уоййасæбæл рæвдуд бавзурста æма си уотемæй æ маст иста... Ка ‘й зонуй, уобæл фæстæдæр æрфæсмон кодта, æма цæмæй æ тæрегъæдтæй æ уод уæддæр еуцæйбæрцæдæр фæууæгъдæдæр кодтайдæ, уомæ гæсгæ цитгин кодта, æ фиди æ реуи æхсирæй ка фæййервæзун кодта, еци силгоймаги... Фал æ æрæгиауи фæсмонæй ма ци рауадайдæ. Алцидæр æ афони кæнгæ ‘й.

Æма, цæмæй уой сæ зæрдæбæл даронцæ нæ дзиллæ еугурæйдæр, еци фæндæмæ уин ракодтан абони хабæрттæ. Мæнæ нур хуцаубони бæрæггонд цæудзæнæй Фиди Бон, æма уи ке фидтæлтæ ма æнцæ сæрæгас, уони барæвдауетæ уæ арфитæй. Сæрæгас ке фидтæлтæ нæбал æнцæ, етæ уони номерæнæн еске барæвдауæнтæ арфитæ æма лæвæрттæй. Е дæр уодæнцойнæ æрхæсдзæнæй уæхецæн дæр æма ке барæвдауайтæ, уонæн дæр...

***Æрмæгутæ мухурмæ бацæттæ кодта***
***БИЧИЛТИ Алетæ***

**Нæ адæммæ эпос ке ес, уой дуйней дзиллæн фиццагидæр базонун кодта номдзуд ахургонд Юлиус Клапрот – Берлини ин 1812 анзи ци киунугæ «Путешествие на Кавказ и в Грузию» рацудæй, уой фæрци.**

***Устур Фидибæстон тугъди фронтти немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи архайдта нæ республики алли фæндзæймаг цæрæг дæр – ædeугурæй 89 934 адæймаги. Уонæй 45 500 сæ цард исниводн кодтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау.***









# Æ ЦАРД - ÆНОСТÆМÆ ФÆНЗУЙНАГ

Биццеутæ æма кизгуттæ сæ кæрæдземæ бакастæнцæ, гъома, ду радзорæ, ду ести зæгъæ. Ку неке си базмалдæй, уæд Дзотти Лазæр æфсæрмдзæстугæй исдардта æ къох. Адæми ‘хсæнти цалинмæ сурх хъумацæй æмбæрзт стъоли размæ цудæй, уæдмæ æ сæр уæлæмæ дæр не ’systа. Æ цæсгон сурх-сурхид ниццæй. Стъоли размæ ку ’рлæудтæй, уæд æ сæрбæл исхуæстæй, уотемæй райдæдта дзорун:

– Абони аци адæмæй цуппар æма инсæй уæлдай амондгун дæр æнцæ... Мах каст фæцан астæуккаг скъола. Нур æрлæудзинан идарддæр ахури надбæл. Цæуæн алли институттæмæ. Мæхе туххæй ку зæгъон, уæд мæ унаффæ уæхæн æй: бацæунмæ гъавун педагогон институтмæ историон факультетмæ. Ахургæнæги куст берæ уарзун...

Лазæр ма е ‘мбали фарсмæ ку бадтæй, директормæ ку игъуста, уæд имæ берæ дзоруйнæгтæ адтæй, фал си нур æрбайронх æнцæ. Цубур рæстæг фæгъгъос æй, уæдта ма æ дзубандибæл бафтудта:

– Аци амондгун бони æз ме ‘мбæлтти номæй зæрдибун арфæ кæнун нæ ахургæнгутæн. Етæ нин байамудтонцæ, цард ци ’й, уой. Дзурд дæттæн, зин сахатти нæмæ арæхстдзийнадæ, хъаурæ ке разиндзæнæй æма мах туххæй нæ хестæртæмæ уайдзæф ке некæд æрхаудзæнæй, уобæл.

Лазæр каст фæцæй Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институти историон факультет. Æма æрæздахтæй æ райгурæн гъæумæ, косун си райдæдта, æхуæдæг кæми исахур кодта, еци скъолай ахургæнæгæй. Уогæ си æдеугурæй еу анз бакуста. Æ куст кæд берæ уарзта, уæддæр ин уадзгæ рауадæй. 1941 анзи уалдзæги фæскомцæдеси Центрон Комитети фæдздзурдмæ гæсгæ косунмæ рандæй Комий АССР-мæ. Уæди рæстæгутæ уæхæн разæнгардгæнæг адтæнцæ, æма, æригæнттæ нифсгунæй архайдтонцæ сæ карни хабæрттæ æнтæстгиндæрæй аразунбæл. Дзотти-фурт дæр æ исонибонбæл куд нæ гъуди кодтайдæ. Лæдæрдтæй æй: лæги бунати лæууй, рæстæг си домуй лæгдзийнадæ. Лæгдзийнадæ ба кусти куд равдесай, уотæ некæми.

Лазæр æ хъауритæбæл нæ аурста. Бонæй гъæдикустгæнгути хæццæ куста, бригадир син адтæй. Фæскуст ба изæйрон скъоламæ цудæй: ахури хайади хецауæй æй ниввардтонцæ. Еу анз райевгъудæй. Æхе цæттæ кодта ахури нæуæг анзмæ, фал уæд æрцудæй, æнæгъæнæ бæстæ ка низмæлун кодта, уæхæн æверхъау хабар – нæ Фидибæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ, райдæдта Устур Фидибæстон тугъд.

Дзотти Лазæр уайтæккæдæр бацудæй Усть-Усински зилди æфсæддон комиссариатмæ æма ракурдта, цæмæй æй фронтмæ рарветонцæ. Æфсæддон комиссар æй лæмбунæг æрфæрститæ кодта, æма æ дзуæппитæй аразийæй байзагæй, курдиадæ ин ниффинсун кодта.

Гъе уотемæй ранæхстæр æй дигорон лæхъуæн тугъдмæ. Фал ин уайтæккæ фронтмæ бахъæртун нæ бантæстæй... Бархеуонти ци поезди ластонцæ, уомæ сахар Вологдæмæ хæстæг æрбахизтæнцæ дууæ афицери. Бархеуонтæй дæс къласи каст ка фæцæй, уонæй исаразтонцæ номхигъд. Вагзали сæ рæнгъæй æрлæууун кодтонцæ.

Поезд рандæй идарддæр, номхигъдмæ ке бахастонцæ, етæ ба вагзали байзадæнцæ. Сæ размæ æрбацудæй капитан æма син загъта:

– Сумах æрвист цæуетæ æфсæддон скъоламæ. Цуппар сахаттей фæсте поезд æрбацæудзæнæй æма уоми исбаддзинайтæ...

Лазæр ма бæргæ равзурста еци капитанæн балæдæрун кæнун, гъома, мæн тугъдмæ фæндуй, æма кæд гæнæн ес... Фал ин еци афицер уайтæккæдæр балæдæрун кодта:

– Гъуддаг цæй медæгæ æй, Дзоттифурт... Сурх Æфсади командиртæ хъæбæр æхсицгæ гъæуй... Дæсни, арæхстгин командиртæ...

Гъе уотемæй райдæдта Дзотти лæхъуæни тугъдон над. Æфсæддон скъолай æ ахур æнтæстгинæй фæууогæй ин лæвæрд æрцудæй лейтенанти цин, æма куд пулеметон взводи командир, уотæ æрвист æрцудæй фронтмæ.

Берæ сæрæндзийнæдтæй фескъуæлхтæй не ’хсаргин æмзæнхон немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тугъдтити... Е ’носон лæгдзийнадæ ба бавдиста 1944 анзи 15 августи Воронежи алфамбулай тугъдтити рæстæг Чижови плацдарм гъæуай кæнгæй: махонти æгириддæр исæзмæлун ка нæ уагъта, еци немуцаг дзотæй æхсæг пулеметæн нигъгъос кæнунæн æндæр мадзал ку нæбал адтæй, уæд æй Дзотти-фурт æхецæй фехгæдта, фегуппæг æй кодта æма уой фæрци нæ тугъдонтæн фæцæй равгæ размæ æнтæстгинæй æмпурсунæн... Æ фæммарбæл æ тугъдон æмбæлттæ хъæбæр зæрдхъурмæй фæхъхъонц кодтонцæ ...





лейтенант ДЗОТОВ

Не ‘мзæнхон бæгъатæр æ мæлæти хуæдразмæ еу гæгъæдий гæбазæбæл æ тогæй ниффинста:

**«Мæ адæммæ.**

**Советон адæмæн ме ‘фсæддон лæггадæ æнхæст кæнгæй, мæ тоги фæстаг æртæхи уæнгæ тох кæнун советон зæнхи кадæ, сæребарæдзийнадæ, хуæдбарæдзийнади сæрбæлтау. Æз еузæрдиуон дæн ме ‘фсæддон ардбахуæрдбæл, кæцимæй расоми кодтон мæ цитгин адæми размæ. Мæ царди фæстаг минутти уæнгæ мæхе нимайун адæми еузæрдиуон хъæболæбæл.**

**Размæ Сталини сæрбæлтау!..**

**Лейтенант Дзотти-фурт».**

Æдзард бæгъатæри сахар Воронежи абони дæр хъæбæр цитгинæй имисунцæ, æ номерæнæн си арæзт цæуй сæрмагонд мадзæлттæ: æносон бунат ин ка иссæй, еци циртбæл æвæрд ес бакастгин циртдзæвæн, æ ном хæссуй сахари гъæунгтæй еу, мæнæ ин нур æвæрд æрцудæй бюст дæр. Уой игон кæнуни фæдбæл мадзали архайдтонцæ бæгъатæри хеуæнттæ, Цæгат æма Хонсар Иристони дзилли номæй минæвæрттæ, Стъараполи, Краснодари крайти, Волгогради облæсти иристойнаг диаспорити минæвæрттæ...

– Аци циртдзæвæн Лазæрæн æвæрд ке ’рцудæй, е махæн дæр æма нæ адæмæн дæр хъæбæр зæрдагайгæ хабар æй, – загъта Дзотти бæгъатæри æнсувæри фурт. Уой кадæн мæнæн дæр уой ном равардтонцæ, æма мæ бон цидæриддæр уа, уомæй архайдзæнæн уой цитгин номи аккаг унбæл. Зæгъун мæ фæндуй уой дæр, æма нæ бийнонтæ, нæ муггаг Лазæрæй сæрустур ан, архайæн, цæмæй фæнзуйнаг уа кæстæртæн. Абони агъазиау цауи фæдбæл, зæрдиагæй арфæ кæнун, æ исаразунбæл ка байархайдта, æ ном ин ка исæносон кодта, уонæн сæ еугуремæн дæр.

Не ‘мзæнхонæн Воронежи бюст исæвæруни хъæппæрес равдиста еугурадæмон æхсæнадон æзмæлд «Иристони Устур Нихæс»-и Мæздæги хайади сæргълæууæг Гуцати Фридон.

– Мæнæ нур ци мадзал арæзт æрцудæй, е нæ сахарти ’хсæн æмгустадæн, æнсувæрдзийнадæн ахедгæ агъаз уодзæнæй, – загъта Воронежи администраций сæргълæууæги хуæдæййевæг Плити Маринæ.

* * *

... Нæ адæми æхсаргин фурт Дзотти Лазæри нийийергутæн партий Цæгат Иристони обком, республики Министрти Совет, Сæйраг Совети Президиум æма фæскомцæдеси обком ци финстæгæй ратæфирфæс кодтонцæ, уоми загъд адтæй: «Рацæудзæнæй берæ æнзтæ, Советон адæм тогмондаг гитлерон æрдонгти нихмæ ци тох исамадтонцæ, уой зиндзийнæдтæ æма æбуалгъдзийнæдтæ феронх уодзæнæнцæ, фал советон адæмæй некæд феронх уодзæнæнцæ сæ бæгъатæртæ. Поэттæ сæбæл ниффинсдзæнæнцæ æмдзæвгитæ, композитортæ сæбæл искæндзæнæнцæ зартæ, амондгун советон адæмтæ устур арфиагæй имисдзæнæнцæ еугур дуйнейи фæллойнæгæнгути демократон бартæ гъæуайгæнгути нæмттæ. Еци гъæуайгæнгути хæццæ æностæмæ æрттевдзæнæй уæ фурт Дзотти Лазæри ном дæр...»

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг:
РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 500. Заказ №2096.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 14.10.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.10.2022.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.